



## Enstriksyon sou Single Sign-On pou elèv

Yon sèl login pou tout pwogram aprantisaj sou Entènèt.




**Atansyon Elèv:** Clever se menm solisyon Single Sign-on (idantifikasyon inik) ki deja itilize nan plis pase 40 diferan aplikasyon pou elèv. Kounyea, li fasil pou ou jwenn tout pwogram aprantisaj nan yon sèl kote sou “Launch Pad.”

### Kijan mwen ka konekte (login) sou Clever?

#### 1) Ale sou Entènèt epi antre sou sit

<http://sso.browardschools.com>

ki va mennen w sou nouvo paj pou konekte epi louvri yon sesyon ak Clever (Clever login page). Gade imaj adwat-la. Klike sou “Log in With Active Directory”.



- 2) Kounyea l ap mennen ou sou paj Active Directory, louvri yon sesyon (log in Active Directory), gade imaj sou bò dwat la. Ou itilize paj sa pou louvri Office365, Pinnacle, Canvas, ak Clever.



- 3) **Non itilizatè (Username):** se nimewo elèv ak 6 chif (your Student 06 number)

Sou paj Active Directory Login, non itilizatè **pa bezwen** sifiks @my.browardschools.com.

- 4) **Modpas ou:** Itilize modpas pou Active Directory-ou. **(MODPAS PA CHANJE)**

**Se menm modpas ou itilize pou log in nan SSO ak sou konpitè Windows ou.**

- 5) Imaj ki sou bò dwat-la se yon kapti ekran (screenshot) anvan & apre ansyen ak NOUVO Clever Launchpad.



- 6) **Pou asistans:** Kontakte pwofesè ou ki va travay ak anplwaye ki lyezon teknoloji nan lekòl ou pou w jwenn éd ou bezwen!